

Nimewo 11.2

## DEKRÈ EGZEKITIF

### **Deklarasyon ijans poutèt katastwòf nan Eta New York**

**LÈ NOU KONSIDERE**, Òganizasyon Sante Mondyal la te deklare pandemi global COVID-19 la se yon ijans sante piblik ki konsène tout kominote entènasyonal la depi kòmansman 2020;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Sekretè Sante ak Sèvis Sosyal (Health and Human Services) Etazini an te deklare yon ijans sante piblik pou tout Etazini pou ede kominote swen medikal nasyon an reyaji a COVID-19 nan dat 31 janvye 2020;

**LÈ NOU KONSIDERE**, New York kounye a ap viv transmisyon COVID-19 la nan pousantaj ke Eta a pa te wè depi avril 2021;

**LÈ NOU KONSIDERE**, pousantaj nouvo admisyon lopital pou COVID-19 yo te ogmante pandan mwa pase a pou plis pase 300 nouvo admisyon chak jou;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta a dwe kontinye yon apwòch kowòdone pou asire kapasite lopital nan tout eta a kapab satisfè bezwen reyonal yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, gouvènman Eta a dwe sipòte minisipalite ak konte yo nan efò yo pou fasilite ak administre vaksinasyon ak tès pou COVID-19 ak pou anpeche viris la kontinye pwopaje nan pousantaj sa yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Òganizasyon Sante Mondyal la (World Health Organization) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention) te idantifye yon nouvo varyan, ke yo rele Omicron, ke yo idantifye kòm yon varyan ki soulve preyokipasyon.

**LÈ NOU KONSIDERE**, varyan sa te idantifye nan tout 50 eta Etazini yo, ki enkli New York, ak plis pase 104 peyi;

**LÈ NOU KONSIDERE**, varyan Omicron sa te demontre li fasil pou transmèt epi li ka lakoz pwopagasyon ki eksponansyèl;

**LÈ NOU KONSIDERE**, vaksen ki ankou a pa demontre li efikas tèlman kont enfeksyon Omicron an, pandan li rete pi fò kont maladi grav;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York ak Lwa Eta New York yo te konfyè mwen, avèk dokiman sa, kontinye eta dijans akoz katastwòf la jan sa te fikse nan Dekrè Egzekitif 11 jiska 15 fevriye 2022 a, epi kontinye ak sispansyon ak modifikasyon lwa ki nan Dekrè Egzekitif 11 ak 11.1 yo, jiska 14 fevriye 2022, sof.

- Sispansyon ki genyen nan Dekrè Egzekitif 11.1 Atik 7 Lwa sou Ofisye Piblik yo pou otorize Sena ak Asanble Eta New York la nan diskresyon yo, nan mezi sa nesesè, pou reponn epi poze aksyon ke lalwa otorize adistans pa apèl konferans oswa sèvis ki menm jan, epi aji otremman, nan konfòmite ak previzyon Pati E, Chapit 417 Lwa 2021 yo, p ap anvigè ankò.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan kenzyèm jou mwa janvye

nan ane de mil vennde

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a